

---

# YON GID POU AVANTAJ POU ANDIKAP

**Avantaj Anplwaye pou Chòk ak  
Maladi Yo Pran nan Travay la nan  
Eta New York**



**Komisyon Konpansasyon Eta New York  
[www.WCB.NY.Gov](http://www.WCB.NY.Gov)  
1-800-353-3092**

---

# Pwotokòl pou Sekrè Enfòmasyon

Inite Avantaj pou Andikap nan Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York travay sou reklamasyon yo pou Andikap. Dapre lalwa, nenpòt ak tout dokiman ou ranpli pou bay Komisyon Konpansasyon Travayè, oswa nenpòt dokiman ou ranpli pou bay Komisyon an anrapò avèk reklamasyon ou pou avantaj, gen pwoteksyon pou yo pa divilge yo.

Seksyon 110-a Lwa sou Konpansasyon Travayè entèdi divilgasyon nenpòt enfòmasyon ki nan dosye ou, sof sa ki fè pati nan reklamasyon ou. Sa gen ladan patwon ou, konpayi asirans li pou andikap, avoka li ak avoka ou. Li posib tou pou yon moun ka jwenn yon lòd tribinal ki bay otorizasyon pou li jwenn enfòmasyon ki nan reklamasyon ou. Yo ka divilge enfòmasyon ou yo tou ba lòt enstitisyon gouvènman pou yo kapab travay sou reklamasyon ou pou avantaj yo oswa pou yo kapab fè ankèt sou fwod. Finalman, founisè swen sante ou ka jwenn kèk pòsyon nan dosye reklamasyon ou, pou yo ka detèmine peman pou sèvis yo.

Lalwa entèdi nenpòt moun you pou pa re-divilge enfòmasyon ou yo ba moun ki pa gen otorizasyon pou jwenn enfòmasyon yo.

Ou ka bay pèmisyon alekri pou yon lòt moun oswa yon lòt enstitisyon jwenn enfòmasyon sou reklamasyon ou. Ou kapab bay otorizasyon pou yo jwenn enfòmasyon ki nan dosye reklamasyon ou nan de (2) fason:

1. Soumèt yon Fòm OC-110A orijinal, Otorizasyon Moun ki Mande Konpansasyon an pou Divilge Dosye Konpansasyon Travayè; oswa
2. Soumèt yon lèt notarye orijinal oswa yon fòm ki bay otorizasyon pou yon moun oswa yon enstitisyon patikilye jwenn enfòmasyon ki nan reklamasyon ou.

Ou ka soumèt otorizasyon ou nenpòt kilè pandan pwosesis reklamasyon konpansasyon ou. Si ou bay yon kopi otorizasyon pou moun ou te bay otorizasyon an sa ap toujou ede moun sa a jwenn enfòmasyon yo. Kèk moun chwazi pou soumèt yon fòm OC-110A lè yo fèk ranpli aplikasyon pou avantaj yo, pou otorize madanm/mari yo oswa pitit yo jwenn enfòmasyon sou dosye yo sou non yo.

**Patwon yo pa ka poze ou kesyon sou reklamasyon ou pou andikap anvan li anboche ou.**

**KOMISYON KONPANSASYON TRAVAYÈ ETA NEW YORK**

# Sa ki nan Tiliv la

Pwotokòl pou Sekrè Enfòmasyon.....	i
Kisa Avantaj pou Andikap Ye?.....	2
Kijan pou Fè yon Reklamasyon .....	3
Avantaj Lajan Kach.....	4
Kimoun Ki Pwoteje? .....	4
Kimoun Ki Pa Pwoteje?.....	5
Kesyon Komen Sou Avantaj pou Andikap .....	6
Anyè Biwo Avantaj pou Andikap .....	9

W ap jwenn kopi Fòm DB-450 ak OC-110-a nan mitan tiliv sa a.

Komisyon Konpansasyon Travayè pa pratike diskriminasyon poutèt ras, koulè, peyi kote ou fèt, si ou se fanm oswa gason, relijyon, laj, andikap oswa preferans seksyèl, nan travay oswa nan bay sèvis.

Fwod nan andikap se yon krim, ki ka lakòz ou peye amann ak pase apeprè sèt (7) ane nan prizon.  
Pou rapòte fwod, rele 1-888-363-6001.

***Tiliv sa a se yon prezantasyon jeneral ak senp sou fason pou yo bay avantaj pou andikap dapre lwa sou konpansasyon travayè. Li pa ranplase lwa a oswa konsèy legal.***

## **Kisa Avantaj pou Andikap Ye?**

Avantaj pou andikap se avantaj pwovizwa yo peye avèk lajan kach pou yon moun ki touche salè epi ki kalifye, lè moun nan vin andikape nan yon chòk oswa maladi li pran nan travay la. Lwa sou Avantaj pou Andikap bay avantaj lajan chak semèn pou ranplase yon pati nan salè anplwaye a pa touche akòz chòk oswa maladi li pa pran nan travay oswa nan pwosesis travay li. Yo peye avantaj pou andikap tou ba yon travayè ki nan chomaj pou ranplase yon pati nan avantaj asirans chomaj li pa resevwa akòz maladi oswa chòk, lè moun nan pa kapab chèche travay.

Yon patwon gen pèmisyon, men li pa oblije, fè anplwaye li yo peye kotizasyon pou konpanse depans pou bay avantaj yo. Kotizasyon yon anplwaye pa ka depase swasant (60) santim pa semèn. Kalkil la fèt nan to yon mwaye yon pousan salè yo, jiska maksimòm nan.

**Avantaj pou andikap gen ladan peman avèk lajan kach sèlman.** Swen medikal se responsablite moun ki mande konpansasyon an. Kontrèman ak konpansasyon travayè yo, patwon an oswa konpayi asirans lan pa peye li.

### **PLAN AVANTAJ POU ANDIKAP**

Patwon yo ka bay avantaj nan yon plan avantaj pou andikap, oswa nan yon plan ki negosye dapre yon kontra ki jwenn apwobasyon Prezidan Komisyon Konpansasyon Travayè, anba lwa sou avantaj pou andikap. Yo peye avantaj yo (pousantaj, kantite tan ak peryòd pou tann) jan sa endike nan plan an. Patwon an ka peye tout frè plan an. Nan kèk plan, anplwaye yo gen obligasyon pou peye kotizasyon pou plis pase 60 santim pa semèn, men sèlman selon kontra, epitou depi kotizasyon anplwaye yo asosye yon fason rezonab avèk valè avantaj yo. Si anplwaye yo fèt pou peye kotizasyon, patwon an fèt pou peye kotizasyon an pou balans frè asirans lan.

## Fason pou Fè yon Reklamasyon

- √ Si w ap travay, oswa si ou te nan chomaj pandan mwens pase kat (4) semèn apati dat andikap la te kòmanse, ranpli Fòm DB-450 pou soumèt ba patwon ou oswa ba konpayi asirans lan. Gen yon kopi nan mitan tiliv sa a. Ou ka pran fòm yo tou sou Entènèt nan sitwèb [www.wcb.ny.gov](http://www.wcb.ny.gov), oswa ou ka jwenn yon kopi nan biwo distri ki pi pre ou a. **Konsève yon kopi fòm sa a pou soumèt li ankò si yo pa peye ou reklamasyon ou vit.**
- √ Si ou te nan chomaj pandan plis pase kat (4) semèn anvan dat andikap la te kòmanse, fè reklamasyon an dirèkteman nan Biwo Avantaj pou Andikap avèk fòm DB-300. Voye li nan sèvis lapòs nan adrès ki nan fen tiliv sa a.
- √ Ou dwe fè reklamasyon ou 30 jou ki vini apre ou bin andikape a. Si ou fè reklamasyon ou anreta, ou **kapa** touche pou okenn peryòd andikap plis pase de (2) semèn anvan ou fè reklamasyon an. Ou ka jwenn eskiz si ou fè reklamasyon ou anreta depi ou montre rezon ki fè li pa t posib pou fè sa pi bonè. **Ou p ap touche okenn avantaj si ou pa fè reklamasyon an nan plis pase 26 semèn apre andikap ou kòmanse.**
- √ Ou fèt pou ap resevwa swen yon doktè, yon kiwopraktè, yon podyat, yon sikològ, yon dantis oswa yon enfimyè fanmsaj sètifye pou kapab kalifye pou avantaj yo. Founisè swen sante ou fèt pou ranpli ak siyen *Deklarasyon Founisè Swen Sante* kòm prèv andikap ou.
- √ Men, si ou depannde gerizon avèk lapriyè nan mwayen espirityèl sèlman nan pratik relijyon, ou fèt pou ap resevwa swen yon pratisyen ki gen kalifikasyon kòrèk pou kalifye pou avantaj yo. Pratisyen an dwe ranpli ak siyen *Deklarasyon Pratisyen* tou (Fòm DB-450.5) anvan li voye fòm sa a nan sèvis lapòs.
- √ Anvan ou fè reklamasyon ou, pa bliye ranpli ak siyen *Deklarasyon Moun ki Mande Konpansasyon*, epitou pa bliye fè founisè swen sante ou oswa pratisyen an ranpli ak siyen pati pa li a. **Bay enfòmasyon sa yo san pèdi tan pou evite reta nan reklamasyon ou.**

## Avantaj Lajan Kach

Avantaj lajan kach se 50 pousan salè mwayen pa semèn pou yon moun ki mande konpansasyon, jiska yon maksimòm \$170 pa semèn. Salè mwayen pa semèn nan baze sou peryòd uit (8) semèn anvan dènye travay la. Alokasyon avantaj maksimòm pou nenpòt andikap se \$170 pa semèn. Ka gen taks Sekirite Sosyal pou peye sou avantaj patwon an oswa konpayi asirans lan peye a.

Yo peye avantaj yo pou yon maksimòm 26 semèn andikap pandan 52 semèn youn apre lòt. Pou travay ki anlwaye yo, gen yon peryòd sèt (7) jou pou tann lè pa gen avantaj yo peye. Dwa pou touche avantaj yo kòmnanse nan uityèm jou andikap la.

Pou travayè ki nan chomaj k ap resevwa avantaj Asirans Chomaj epi ki vin andikape pandan plis pase kat (4) semèn (men nan 26 semèn) apre travay yo fini, yo peye avantaj yo apati premye jou andikap la. Men, yon moun ka pa resevwa yon avantaj pou andikap ak Asirans Chomaj pou menm peryòd la. Yon patwon fèt pou bay yon travayè ki te andikape depi plis pase sèt (7) jou yon Deklarasyon sou Dwa anba Lwa sou Avantaj Andikap (Fòm DB-271). Yo fèt pou bay sa nan senk (5) jou ki vini apre yo konnen travayè a andikape.

## Kimoun Ki Gen Pwoteksyon?

- √ Anplwaye oswa dènye anlwaye yon patwon “ki gen pwoteksyon asirans”, ki te travay pandan omwen kat (4) ane youn apre lòt. Kondisyon yo pou kalifye p ap menm.
- √ Anplwaye yon patwon ki chwazi pou ofri avantaj yo avèk yon Aplikasyon li ranpli pou Pwoteksyon Volontè.
- √ Anplwaye ki kite djòb avèk yon patwon ki “gen pwoteksyon asirans” pou ale travay avèk yon lòt patwon “ki gen pwoteksyon asirans” gen pwoteksyon asirans depi premye yo nan nouvo djòb la. Anjeneral, anlwaye kalifye yo pa pèdi pwoteksyon asirans lan pandan premye 26 semèn chomaj yo, depi yo kalifye pou avantaj asirans pou chomaj, epitou depi yo fè reklamasyon pou avantaj sa yo.
- √ Anplwaye nan kay oswa anlwaye pèsone ki travay pandan 40 èdtan oswa plis pa semèn pou yon patwon.

## Kimoun Ki Pa Pwoteje?

- √ Yon pitit minè patwon an.
- √ Travayè gouvènman, travayè chemennfè, travayè maritim, ak travayè charyo gölf.
- √ Minis, pè, raben, manm lòd relijye, sakristen, ak lektè Syans Kretyen.
- √ Fonksyonè konpayi ak moun ki angaje nan yon metye pwofesyonèl oswa nan metye ansèyman nan oswa pou yon enstitisyon relijye, enstitisyon charite, oswa enstitisyon edikasyonèl yon òganizasyon “non-komèsyal”, ak moun k ap resevwa sèvis reyabilitasyon nan yon sesyon enfòmasyon pwoteje enstitisyon yo ap opere avèk yon sètifika yo bay nan Depatman Travay Etazini.
- √ Moun k ap resevwa èd nan yon enstitisyon relijye oswa nan yon enstitisyon charite epi ki fè travay pou yo ka resevwa èd la.
- √ Fonksyonè youn oswa de (2) konpayi ki swa posede tout aksyon an poukont yo oswa avèk lòt moun epi ki fè tout fonksyon yon konpayi ki pa anboche anplwaye.
- √ Elèv lajounen nan lekòl primè oswa lekòl segondè ki travay atan-pasyèl pandan ane lekòl la oswa pandan peryòd vakans regilye yo.
- √ Si yon anplwaye chanje djòb pou ale nan yon travay ki egzante, oswa pou travay avèk yon patwon “ki pa gen pwoteksyon asirans”, epi si anplwaye a travay nan djòb la pandan plis pase kat (4) semèn, anplwaye sa a ap pèdi pwoteksyon asirans lan jouk lè li travay pandan kat (4) semèn youn apre lòt pou yon patwon “ki gen pwoteksyon asirans”.

---

**Nòt:** Yon patwon “ki pa gen pwoteksyon asirans” ka chwazi pou bay pwoteksyon asirans pou andikap. Pou fè sa, patwon an ka ranpli yon Aplikasyon pou Pwoteksyon Asirans Volontè pou voye ba Komisyon Konpansasyon Travayè.

## Kesyon Komen Sou Avantaj pou Andikap

### K. Kisa yon *jounen andikap* ye?

R. Yon *jounen andikap* se yon jounen lè yo pa t kite anplwaye a travay akòz andikap, epi anplwaye a pa resevwa salè oswa peman regilye li.

### K. Si yon anplwaye ap fè yon travay pou touche yon salè oswa pou pwofi, menmsi li fè djòb la lakay li, pandan li andikape, èske li kalifye pou avantaj pou andikap?

R. Non. Depi l ap fè nenpòt kalite djòb pou touche yon salè oswa pou yon pwofi, li pa kalifye pou avantaj yo.

### K. Èske gen frè pou swen medikal ladan?

R. Non. Frè pou swen medikal pa ladan dapre lwa sou avantaj pou andikap. Men, kote yon plan yon patwon sendika oswa asosyasyon konfòme li avèk lalwa, travayè a gen dwa pou jwenn avantaj yo, jan plan an dekri sa. Kontakte patwon ou pou konnen si li bay yon plan oswa si li patisipe nan yon plan ki gen swen medikal.

### K. Èske yon patwon/konpayi asirans ka gen yon anplwaye ki reklame avantaj epi se yon founisè swen sante li deziyen ki egzamine anplwaye a?

R. Wi. Si anplwaye a fè demann lan, li fèt pou prezante tèt li nan kèk peryòd tan, men pa plis pase yon fwa chak semèn pou fè egzamen yo. Anplwaye a pa peye egzamen yo, epi egzamen yo dwe fèt nan yon tan ak yon kote ki rezonab. Si anplwaye a refize prezante tèt li pou fè egzamen yo, sa ka riske avantaj yon moun ki mande konpansasyon.

### K. Apre yon anplwaye fè yon reklamasyon, konbyen tan t ap pran pou peye li?

R. Premye peman an **dwe fèt** nan kat (4) jou ouvrab apre 14yèm jou andikap la, oswa nan kat (4) jou ouvrab apre yo resevwa reklamasyon an, kèlkeswa sa ki pi ta a. Yo dwe peye avantaj yo chak de (2) semèn pandan peryòd andikap la.

### K. Èske yon mande konpansasyon kapab touche asirans chomaj ak avantaj pou andikap pou menm peryòd tan an?

R. Non.



**K. Si yon anlwaye kite djòb li, èske anlwaye sa a kapab resevwa avantaj pou andikap?**

**R.** Si yon anlwaye kite travay li poukont li san sa pa konsène andikap, sa ka afekte dwa yon anlwaye pou jwenn avantaj pou andikap.

**K. Èske yon moun ki mande konpansasyon kapab touche avantaj pou andikap akòz gwosès?**

**R. Wi.** Si li andikape akòz gwosès la, li ka gen dwa pou resevwa avantaj yo pandan apeprè 26 semèn. Yon moun kapab gen andikap nenpòt kilè pandan li ansent.

**K. Èske yon anlwaye kapab touche avantaj pou andikap si li nan konte matènite?**

**R. Wi.** Sipoze li kalifye, si li nan yon konje maladi san salè (sètadi konje matènite), epi si li vin andikape nan kat (4) semèn ki vini apre dènye jou li te travay la, li gen dwa pou jwenn avantaj nan travay/konpayi asirans lan. Si andikap la kòmanse nan plis pase kat (4) semèn ki vini apre dènye li te travay la, li mande/resevwa avantaj pou chomaj, li gen dwa pou resevwa avantaj pou andikap nan Fon Espesyal pou Avantaj pou Andikap.

**K. Kisa ki detèmine andikap akòz gwosès?**

**R.** Se yon doktè, yon enfimiyè fanmsaj ki kapab detèmine andikap avèk rapò medikal. Si yon moun ki mande konpansasyon gen andikap depi plis pase kat (4) semèn anvan dat ki prevwa pou akouchman an, oswa si moun nan gen yon andikap depi plis pase kat (4) a sis (6) semèn apre dat akouchman an, konpayi asirans lan ka egzije pou moun sa a bay plis enfòmasyon detaye konsènan andikap la. Rapò medikal yo ta dwe dekri sentòm espesifik, alaplas sa ki prevwa anjeneral. **Nòt:** Yon pwosedi esterilizasyon ki pa nesèsè p ap pwolonje peryòd peman pou andikap la, paske yo pa peye avantaj yo pou okenn peryòd yon moun pa kapab travay akòz operasyon ki pa nesèsè.

**K. Èske gen yon limit nan kantite semèn yon moun ki mande konpansasyon kapab resevwa avantaj yo?**

**R. Wi.** Gen yon limit 26 semèn avantaj pandan yon peryòd 52 semèn almannak youn-apre-lòt oswa pandan nenpòt peryòd andikap. Kantite lajan avantaj yon moun ki mande konpansasyon ap resevwa depannde kantite tan li andikape a, jan yon doktè sètifye sa. (Si yon patwon gen yon plan avantaj pou andikap apa, yo ka peye avantaj yo pandan plis pase 26 semèn, si plan an endike sa.)

**K. Kisa pou mwen fè si yon moun ki mande konpansasyon toujou andikape, men avantaj yo te sispann?**

R. Si moun nan te resevwa avantaj yo pandan mwens pase 26 semèn, si li toujou andikape, epi si li **pa** tresevwa Avi pou Refi, moun nan fèt pou soumèt lòt prèv medikal ba patwon li, konpayi asirans li oswa Fon Espesyal pou Avantaj pou Andikap. Si li **te** resevwa yon Avi pou Refi, moun ki mande konpansasyon an ka mande yon revizyon refi a. Pou fè sa, li ka ranpli seksyon dèyè fòm nan pou voye li ba Inite Avantaj pou Andikap nan Komisyon Konpansasyon Travayè.

**K. Èske yon moun ki mande konpansasyon gen dwa pou jwenn avantaj pou andikap pou yon chòk li te pran nan yon aksidan machin?**

R. Wi. Men, kantite lajan avantaj pou andikap la ka diminye nenpòt avantaj asirans san-fot moun ki mande konpansasyon an kalifye pou resevwa.

**K. Si yo bay refi pou yon reklamasyon, oswa si yo pa peye reklamasyon an, èske mwen ka revize refi a?**

R. Wi. Si yo bay refi pou reklamasyon an oswa si yo pa peye li, anplwaye a ap resevwa yon Avi pou Refi patwon an, konpayi asirans lan oswa Fon Espesyal ap voye ba li nan 45 jou ki vini apre yo resevwa reklamasyon an. Anplwaye a gen 26 semèn pou ranpli seksyon ki dèyè fòm nan, epi pou voye li nan Biwo Avantaj pou Andikap. Adrès padèyè avi pou refi a, ak nan kaz ki anba la a. Kote li nesèsè, Komisyon an ap jwenn lòt enfòmasyon epitou li kapab fè yon odyans sou reklamasyon an. **Y ap peye benefis yo si yo detèmine yon reklamasyon kòrèk ak valab.**

**K. Si yon moun ki mande konpansasyon gen dwa pou resevwa konpansasyon an oswa si li gen dwa pou resevwa avantaj retrèt Sekirite Sosyal, èske li ka toujou resevwa avantaj pou andikap?**

R. Wi, depi avantaj yo se avantaj **retrèt**. Sekirite Sosyal peye avantaj pou **andikap** tou, men si yon moun ki mande reklamasyon ap resevwa avantaj sa a, avantaj pou andikap eta New York ap diminye nan limit avantaj Sekirite Sosyal la. Pa egzanp, si yon moun ta gen yon avantaj \$170 nan New York, ak yon avantaj Sekirite Sosyal \$400, moun nan ta resevwa sèlman \$400, paske kantite lajan an pi plis pase kantite lajan I ap resevwa nan New York la. Avantaj New York ak avantaj Sekirite Sosyal pa kapab melanje pou depase pi gwo kantite lajan de (2) avantaj yo.

**Biwo Avantaj pou Andikap**  
**1-800-353-3092**

Inite Avantaj pou Andikap nan Komisyon Konpansasyon Travayè  
 Eta New York travay sou reklamasyon yo pou Andikap.

**Albany District Office**

100 Broadway - Menands  
 Albany, NY 12241

**Manhattan District Office**

215 W. 125th Street  
 New York, NY 10027

**Binghamton District Office**

State Office Building  
 44 Hawley Street  
 Binghamton, NY 13901

**Peekskill District Office**

41 North Division Street  
 Peekskill, NY 10566

**Brooklyn District Office**

111 Livingston Street  
 Brooklyn, NY 11201

**Queens District Office**

168-46 91st Avenue  
 Jamaica, NY 11432

**Buffalo District Office**

Ellicott Square Building  
 295 Main Street - Suite 400  
 Buffalo, NY 14203

**Rochester District Office**

130 Main Street West  
 Rochester, NY 14614

**Long Island District Office**

220 Rabro Drive, Suite 100  
 Hauppauge, NY 11788-4230

**Syracuse District Office**

935 James Street  
 Syracuse, NY 13203

---

Ou ta dwe voye kesyon ou yo nan:

**Biwo Avantaj pou Andikap**  
**Komisyon Konpansasyon Travayè**  
**100 Broadway - Menands**  
**Albany, NY 12241**

Workers' Compensation Board  
Disability Benefits Bureau  
100 Broadway - Menands  
Albany, NY 12241

Website: [www.wcb.ny.gov](http://www.wcb.ny.gov)